

# MEDICAID KI KONTWOLE SWEN POU TOUT ETA-A

## Kontwòl pou Asistans Medikal (MMA)

### ANDEDAN FEYÈ SA-A:

- Chwazi yon plan MMA
- Etap pou Ede'w Chwazi yon Plan MMA
- Enfòmasyon sou plan ki Espesyalize yo
- Sèvis tout plan MMA-yo ofri
- Enfòmasyon sou Referans yo



### Chwazi yon plan MMA

Nan Eta Florid-la, majorite moun ki benefisye de Medicaid oblije enskri nan yon plan MMA pou bezwen swen lasante yo.

Chak plan yo ofri tout benefis debaz ke Medicaid ofri nan Eta Florid-la. Pou plis enfòmasyon, sil vou plè gade paj **Enfòmasyon sou Benefis ak Kontak** ki nan pake'w lan.

### Etap pou Ede'w Chwazi yon Plan MMA

1. Gade plan MMA yo nan pake ou a oswa sou entènèt nan [www.flmedicaidmanagedcare.com](http://www.flmedicaidmanagedcare.com) pou wè sèvis ke tout plan yo ofri ak benefis adisyonèl ke chak plan ofri.
2. Reflechi sou sèvis ke ou menm oswa manm fanmi ou itilize ak doktè (yo) ke ou wè.
  - Ki sèvis mwen panse'm bezwen? Vizit doktè, Medikaman, Sèvis Sante lakay mwen, oubyen transpòtasyon pou sèvis plan-an kouvri?
  - Ki tip doktè mwen bezwen – yon Pedyat, yon doktè lafanmi, oubyen yon espesyalis pou trete yon kondisyon mwen genyen lontan?
  - Ki plan doktè'm pran?
  - Ki benefis anplis ki mache avèk pwoblèm mwen genyen yo.
3. Chwazi plan ki pi satisfè bezwen'w yo.



[WWW.FLMEDICAIDMANAGEDCARE.COM](http://WWW.FLMEDICAIDMANAGEDCARE.COM)

# Enfòmasyon sou plan ki espesyalize yo

Nan eta florid-la, kapab genyen plan espesyal nan zòn ou ki konsantre a sèvi moun ki gen kondisyon lasante espesifik. Plan sa-yo kouvri kondisyon ki make anba yo.

## Kondisyon Medikal/Egzijans avèk limitasyon pou Anwole

Pou tout benefisyè-yo:

- VIH/SIDA
- Maladi Mantal ki serye

Pou timoun (pi piti pase 21 an) sèlman:

- Asistans Sosyal pou Timoun (Oblije anba responsabilite leta Florid-la) Kondisyon ki Kronik (timoun jiska 21 an daj)
- Kondisyon ki Kronik (timoun jiska 21 an daj, ke Depatman Sante nan Eta Florid la, detèmine ke yo kwalife dapre pwoblèm lasante yo)

Pou granmoun (21 an oubyen plis) ki anwole nan tou de Medicaid avèk Medicare:

- Maladi kadyovaskilè
- Maladi kronik kote Poumon'w Bloke (COPD)
- Plisyè Maladi kè, ki fè kè a vin laj epi fèb (CHF)
- Sik

## Sèvis tout plan MMA-yo ofri

**Tout plan MMA yo ofri sèvis swen sante swivan sa yo.** Gen kèk plan ki ofri benefis adisyonèl. Sa yo se benefis ki depase sèvis Medicaid nesèsè yo. Gen kèk benefis adisyonèl ki ka egzije apwobasyon alavans de plan an. Al gade nan paj swivan an pou benefis adisyonèl yo ofri nan chak plan.

- Sèvis Doktè, avèk tout sèvis assistan doktè yo.
- Preskripsyon Medikaman
- Sèvis pou moun entène lopital
- Sèvis pou moun ekstène lopital
- Sèvis Sante Mantal
- Tès peryodik, rezilta avèk tretman byen bonè, pou timoun pi piti pase 21 an
- Sèvis nan ka dijans
- Sèvis pou sant tretman ki fè operasyon san randevou
- Sèvis pou enfimye ki kwalifye pou preskri medikaman
- Sèvis avèk pwodwi pou zye
- Sèvis dantè
- Pwodwi ak Ekipman Medikal, Pwotèz ak òtoz
- Sèvis Kiropraktisyen
- Swen pou Mezon Retrèt
- Pwodwi ak sèvis ki ede planifye fanmi (gen eksepsyon)
- Sèvis pou doktè pye
- Sèvis pou yon kòmansman ansante (gen eksepsyon)
- Sèvis pou terapi pou fizik, okipasyon, respiratwa avèk pou lapawòl
- Sèvis pou tandè
- Sèvis laboratwa ak radiografi
- Sèvis pou yon ajans ki bay swen sante lakay ou
- Sèvis dyaliz nan ren
- Pwodwi ak ekipman respiratwa
- Sèvis pou doktè zye
- Sèvis sante nan zòn pwovens
- Sèvis sant Akouchman
- Sèvis tretman pou moun ki gen adiksyon
- Sèvis transpòtasyon pou jwenn aksè ak sèvis yo kouvri

## Enfòmasyon sou Referans yo

### Liy dirèk ki ede ak abi

1-800-962-2873

<http://www.myflfamilies.com/service-programs/abuse-hotline>

### Ajans pou'w pote plent sou Administrasyon Itilizatè swen sante yo

1-888-419-3456

<http://apps.ahca.myflorida.com/hcfc/>

### Depatman Timoun ak Fanmi, Aksès finansyèl

1-866-762-2237

<https://myaccessaccount.dcf.state.fl.us/Login.aspx>

### Liy dirèk pou fwòd nan Medicaid

1-866-966-7226

[https://apps.ahca.myflorida.com/InspectorGeneral/fraud\\_complaintform.aspx](https://apps.ahca.myflorida.com/InspectorGeneral/fraud_complaintform.aspx)

### Administrasyon pou Sosyal Sekirite

1-800-772-1213

<http://www.ssa.gov/pgm/reach.htm>

**Si ou bezwen materyèl an gran lèt, odyo, oubyen bray rele liy asistans lan.  
If you need information in English, please call 1-877-711-3662.**